## XIII. DEMOGRAFIYA

**Turaqlı xalıq sanı.**

Qaraqalpaqstan Respublikasında turaqlı xalıq sanı 2022-jıl 1- iyul jağdayına 1962,4 mıń adamdı qurap, 2022-jıl basınan 13,9 mıń adamğa yaki 0,7 % ke ósti. Sonday-aq, qala xalqınıń sanı 961,3 mıń adamdı (jámi xalıqiniń sanındağı úlesi 49,0 %), awıl xalıq sanı 1001,1 mıń adamdı (51,0 %) quraydı.

**Itibar beriń:**
**2022-jıl yanvar-iyun aylarında**

-Xalıq sanı **13,9 mıń adamğa** kóbeydi.

-Tiri tuwılğanlar sanı **18,8 mıń adamdı** quradı.

-Qaytıs bolğanlar sanı **4,4** mıń adamdı quradı.

-Nekeler sanı **7,3** mıńdı quradı

Ajırasqanlar sanı **1,1** mıńdı quradı

**2022-jıldıń Yanvar-iyun aylarında**

Jıl basına turaqlı xalıq sanı **1 948 488 adam** (2022-jıl 1-yanvar jağdayına)

\+

Tiri tuwılğanlar sanı **18778 bala** − Qaytıs bolğanlar sanı **4386 adam** = Tábiyiy ósim **14392** adam

\+

Kóship kelgenler sanı **4316 adam** − Kóship ketkenler sanı **4820 adam** = Mexanikalıq ósiw (kemeyiw) **-504 adam**

=

Turaqlı xalıq sanı **1 962 376 adam** (2022-jıl 1-iyul jağdayına)

**Qaraqalpaqstan Respublikası boyınsha turaqlı xalıq sanı[1)]**
*(2022- jıldıń 1- iyul jaǵdayına mıń adam)*

| | *Jámi xalıq sanı* | *sonnan:* | |
|---|---|---|---|
| | | *qala xalqı* | *awıl xalqı* |
| **Qaraqalpaqstan Respublikası** | **1 962,4** | **961,3** | **1 001,1** |
| Nókis q. | 332,1 | 332,1 | - |
| *rayonlar:* | | | |
| Ámiwdárya | 206,4 | 53,5 | 152,9 |
| Beruniy | 199,0 | 70,3 | 128,7 |
| Bozataw | 21,9 | 5,5 | 16,4 |
| Qanlıkól | 52,7 | 13,2 | 39,5 |
| Qaraózek | 53,8 | 16,3 | 37,5 |
| Kegeyli | 73,9 | 29,9 | 44,0 |
| Qońırat | 133,7 | 84,5 | 49,2 |
| Moynaq | 33,3 | 14,7 | 18,6 |
| Nókis | 52,3 | 10,6 | 41,7 |
| Taqıyatas | 75,9 | 54,4 | 21,5 |
| Taxtakópir | 40,7 | 17,1 | 23,6 |
| Tórtkúl | 222,6 | 84,3 | 138,3 |
| Xojeli | 126,5 | 80,7 | 45,8 |
| Shımbay | 114,4 | 58,6 | 55,8 |
| Shomanay | 57,3 | 15,2 | 42,1 |
| Ellikqala | 165,9 | 20,4 | 145,5 |

[1)] *dáslepki maǵlıwmat*

**Qaraqalpaqstan Respublikası boyınsha turaqlı xalıq sanı**
*(1-iyul jaǵdayına mıń adam)*

| | *2021 j.* | *2022 j.* | *Ótken jılǵa salıstırǵanda ósim páti %* |
|---|---|---|---|
| **Qaraqalpaqstan Respublikası** | **1 932,1** | **1 962,4** | **101,6** |
| Nókis q. | 326,0 | 332,1 | 101,9 |
| *rayonlar:* | | | |
| Ámiwdárya | 202,6 | 206,4 | 101,9 |
| Beruniy | 195,5 | 199,0 | 101,8 |
| Bozataw | 21,8 | 21,9 | 100,5 |
| Qaraózek | 53,2 | 53,8 | 101,1 |
| Kegeyli | 73,3 | 73,9 | 100,8 |
| Qońırat | 132,0 | 133,7 | 101,3 |
| Qanlıkól | 51,9 | 52,7 | 101,5 |
| Moynaq | 32,6 | 33,3 | 102,1 |
| Nókis | 51,3 | 52,3 | 101,9 |
| Taqıyatas | 74,9 | 75,9 | 101,3 |
| Taxtakópir | 40,5 | 40,7 | 100,5 |
| Tórtkúl | 218,9 | 222,6 | 101,7 |
| Xojeli | 124,6 | 126,5 | 101,5 |
| Shımbay | 113,4 | 114,4 | 100,9 |
| Shomanay | 56,7 | 57,3 | 101,1 |
| Ellikqala | 162,9 | 165,9 | 101,8 |

**Yanvar-iyun aylarında xalıqtıń tábiyiy háreketi**

| | *adam* | | | *hár 1000 adamǵa salıstırǵanda promille* | |
|---|---|---|---|---|---|
| | *2021 j.* | *2022 j.*[1)] | *ósiwi, azayıwı* | *2021 j.* | *2022 j.*[1)] |
| Tuwılǵanlar | 16 790 | 18778 | 1988 | 17,6 | 19,4 |
| Qaytıs bolǵanlar | 4193 | 4386 | 193 | 4,4 | 4,5 |
| Tábiyiy ósim | 12597 | 14392 | 1795 | 13,2 | 14,9 |
| Dúzilgen nekeler | 4875 | 7314 | -531 | 8,2 | 7,5 |
| Ajırasqanlar | 694 | 1056 | 362 | 0,7 | 1,1 |

**Tuwılıw dárejesi.** 2022-jıl yanvar-iyun aylarında tuwılǵanlar sanı 18 778 adamdı quradı hám 2021-jıldıń sáykes dáwirine (16 790 adam) salıstırǵanda 1 988 adamǵa yamasa 11,8 procentke kóbeydi. Tuwılıw koefficienti sáykes túrde 19,4 promilleni quradı hám 2021-jıldıń usı dáwirine (17,6 promille) salıstırǵanda 1,8 promillege kóbeydi.

**Xalıqtıń tábiyiy háreketi koefficientleri**
*(yanvar-iyun aylarında) (1000 xalıq sanına salıstırǵanda, promille)*




Tuwılıw dárejesiniń kóbeyiwi respublikanıń barlıq aymaqlarında gúzetildi. Bul kórsetkishtiń joqarı dárejesi Nókis qalasında 16,6 dan 19,6 promillege, Beruniyda 16,9 dan 21,4 promillege, Xojelide 17,2 den 21,3 promillege hám Ámiwdáryada 19,8 den 21,8 promillege kóbeyiwi gúzetildi.

[1)] *dáslepki maǵlıwmat*

**Tuwılıw.** 2022-jıldıń yanvar-iyun aylarında 18,8 mıń bala tuwılǵanlıǵı dizimge alınǵan bolıp, (bul jerde hám bunnan keyin tuwılǵanlarǵa tek tiri tuwılǵanlar esapqa alınǵan) salıstırma jaǵdayda 1000 xalıqqa salıstırǵanda tuwılıw koefficienti 19,4 promilleni quradı hámde 2021-jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda 1,8 promillege kóbeygenligi (2021-jıldıń yanvar- iyun aylarında 17,6 promille bolǵan) baqlandı.

**Maǵlıwmat ushın**

Tiri tuwılǵanlardan (dem alıw, júrek urıwı, kindik pulsaciyasi, múskúllerdiń qalewsiz qısqarıwı) biri bar bolsa bala tiri tuwılg'an esaplanadı. Bunda ananıń hámledarlıq múddeti 22 hápte hám onnan artıq, balanıń boyı 25 sm hám onnan artıq, salmaǵı 500 gramm hám onnan artıq bolıwı lazım.

**Qala hám rayonlar kesiminde tuwılǵanlar sanı hám koefficienti**
(2022-jıldıń yanvar-iyun aylarında)




**Ólimshilik dárejesi.** 2022-jıldıń yanvar-iyun aylarında qaytıs bolǵanlar sanı 4386 adamdı quradı hám 2021-jıldıń sáykes dáwirine (4193 adam) salıstırǵanda 193 adamǵa yaki 4,6 procentke kóbeydi. Ólim koefficienti 4,5 promilleni quradı (2021-jıldıń yanvar- iyun aylarında – 4,4 promille).

**2022-jıldıń yanvar-iyun aylarında ólimshilik sebepleri boyınsha qaytıs bolǵanlar sanı**
*(jámi qaytıs bolǵanlarǵa salıstırǵanda procentte)*




**Ólimshilik koefficientleri**




Qaytıs bolǵanlıq koefficientleriniń kóbeyiwi Nókis qalasında (4,2 den 4,7 promillege), Kegeylide (4,8 den 5,9 promillege), Beruniyda (4,4 ten 5,0 promillege) hám Xojeli (4,5 den 4,9 promillege) rayonlarında gúzetildi.

**Neke.** 2022-jıldıń yanvar-iyun aylarında PXAJ organları tárepinen 7,3 mıń nekedizimge alındı saykes túrde 1000 xalıqqa salıstırǵanda neke dúziw koefficenti 7,5 promilleni quradı.



**Qala hám rayonlar kesiminde neke dúzgenler sanı hám koefficienti**

*(2022-jıldıń yanvar-iyun jaǵdayına, 1000 xalıqqa salıstırǵanda, promille)*




**Ajırasıwlar.** 2022-jıldıń yanvar- iyun aylarında PXAJ organları tárepinen 1,1 mıń nekeden ajırasqanlar dizimge alınǵan bolıp, sáykes túrde 1000 xalıqqa salıstırǵanda nekeden ajırasqanlıq koefficienti 1,1 promilleni quradı.

**Qala hám rayonlar kesiminde nekeden ajırasqanlar sanı hám koefficienti**

*(2022-jıl yanvar-iyun jaǵdayına 1000 xalıqqa salıstırǵanda promille)*




**Nekeler hám ajırasıwlar.** 2022-jıldıń yanvar-iyun aylarında PXAJ organlarında 7314 nekeler hám 1056 ajırasıwlar dizimge alındı. 1000 xalıqqa salıstırǵanda 7,5 neke (2021-jıldıń sáykes dáwirinde 8,2) hám 1,1 ajırasıwlar(2021-jıldıń tiyisli dáwirinde – 0,7) tuwrı keledi.

**Dúzilgen nekeler hám nekeden ajırasqanlar sanı**

*(yanvar-iyun aylarında, birlik)*

| | *Dúzilgen nekeler* | | *Nekeden ajırasqanlar* | |
|---|---|---|---|---|
| | *2021 j.* | *2022 j.* | *2021 j.* | *2022 j* |
| **Qaraqalpaqstan Respublikası** | **7845** | **7314** | **694** | **1056** |
| Nókis q. | 1450 | 1213 | 133 | 229 |
| *rayonlar:* | | | | |
| Ámiwdárya | 882 | 838 | 73 | 97 |
| Beruniy | 721 | 837 | 44 | 97 |
| Bozataw | 97 | 74 | 5 | 8 |
| Qanlıkól | 221 | 145 | 12 | 23 |
| Qaraózek | 176 | 182 | 13 | 32 |
| Kegeyli | 339 | 264 | 27 | 33 |
| Qońırat | 597 | 567 | 64 | 82 |
| Moynaq | 111 | 94 | 7 | 17 |
| Nókis | 262 | 241 | 20 | 36 |
| Taqıyatas | 267 | 278 | 34 | 43 |
| Taxtakópir | 138 | 121 | 9 | 31 |
| Tórtkúl | 795 | 730 | 78 | 82 |
| Xojeli | 499 | 489 | 63 | 75 |
| Shımbay | 443 | 408 | 41 | 67 |
| Shomanay | 197 | 167 | 27 | 22 |
| Ellikqala | 650 | 666 | 44 | 82 |

**Migraciya (Ishki hám sırtqı).** Dáslepki maǵlıwmatlarǵa qaraǵanda 2022-jıldıń yanvar-iyun aylarında Respublika boyınsha kóship kelgenler sanı 4316 adam usı dáwirde kóship ketkenler sanı 4820 adamdı quradı.

**Xalıq migraciyası (adam)**

| | 2021-jıl yanvar-iyun | 2022-jıl yanvar- iyun |
|---|---|---|
| Kóship kelgenler | 7254 | 4316 |
| Kóship ketkenler | 11492 | 4820 |
| Migraciya saldosı | -4238 | -504 |

2022-jıldıń yanvar-iyun aylarında migraciya saldosı minus 504 adam (2021-jıldıń usı dáwirinde minus 4238 adam) ǵa teń boldı. Eń joqarı minus qaldıqları Shımbay (minus 287 adam), Kegeyli (minus 122 adam) hám Ámiwdárya (minus 181 adam) rayonlarında gúzetildi.





# Paytaxttaǵı demografiyalıq jaǵday.



Qaraqalpaqstan Respublikası paytaxtı Nókis qalasınıń turaqlı xalıq sanı 2022-jıl 1- iyul rjaǵdayına 332,1 mıń adamdı quraǵan bolsa, jıl basınan 3,1 mıń adamǵa yaki 0,9 % ke ósken.

**Nókis qalası xalqınıń tábiyiy háreketi**
*(1000 xalıqqa salıstırǵanda promille)*

| 2021-jıl yanvar-iyun aylarında | 2022-jıl yanvar-iyun aylarında |
|---|---|
| **Tuwılıw** | |
| 16,6 | 19,6 |



2022-jıldıń yanvar-iyun aylarında 3,2 mıń bala tuwılǵan bolıp, usı dáwirge sáykes tuwılıw koefficienti 1000 alıqqa salıstırǵanda 19,6 promilleni quraǵan (2021-jıldıń usı dáwirine 16,6 promille bolǵan).

PXAJ organlarında 2022-jıldıń yanvar-iyun aylarında 1213 neke hám 229 nekeden ajırasıwlar baqlandı.

1000 xalıqqa salıstırǵanda neke duziw koefficienti 7,4 promilleni qurap, 2021-jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda 1,6 promillege kemeydi (2021-jıldıń sáykes dáwirinde 9,0 promille bolǵan).

Nekeden ajırasıw koefficienti 1000 xalıqqa salıstırǵanda 1,4 promilleni quraǵan bolsa, 2021-jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda 0,6 promillege kóbeydi. 2021-jıldıń sáykes dáwirinde 0,8 promille bolǵan.

**Nókis qalasında dúzilgen neke hám ajırasıwlar**
*(yanvar-iyun jaǵdayına 1000 xalıqqa salıstırǵanda promille)*

